

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil dina ieu panalungtikan, katitén aya sababaraha pasualan ngeunaan kamampuh ngadongéng siswa ngagunakeun média wayang golék fabel. Ieu di handap aya sababaraha hasil kacindekan di antarana.

- a. Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok taun ajaran 2020-2021. Dina kamampuh awal atawa *Pre-test* kagolong sedeng kalawan dina rata-rata 53,92. Hasil tina kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun média wayang golék fabel aspék lentong 3,32, hartina intonasi siswa dina ngadongéng geus merenah kalawan dina katégori sedeng. Aspék lafal 2,56, hartina siswa masih kurang merenah dina ngalafalkeun vocal basa sunda kalawan dina katégori kurang. Aspék pamahaman eusi 3,24, hartina siswa maham eusi dongéng nu dicaritakeun kalawan ngaguluyur sok sanajan masih aya nu kurang merenah. Aspék ékspresi 2,24, hartina siswa dina ngadongéng masih kurang ningalikeun paroman atawa ékspresi anu merenahh. Apék gestur 2,12, hartina siswa dina ngadongéng kurang ningalikeun gestur awak.
- b. Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok taun ajaran 2020-2021 dina kamampuh ahir atawa *Post-test* kagolong hadé kalawan rata-rata 70,4. Hasil tina aspék lentong ku aya 4,24, anu miboga harti yén kamampuh siswa sabada ngagunakeun média Wayang Golék Fabel tina aspék lentong ngaronjat rada alus teu loba mengpar jeung méh sampurna. Aspék lafal ngaronjat kalawan rata-rata 3,04, anu hartina kasalahan siswa dina ngalafalkeun kekecapan basa sunda rada sering. Aspék pamahaman eusi ngaronjat kalawan rata-rata 4,36, anu hartina sabada dilarapkeunna wayang golék fabel siswa jadi leuwih maham eusi dongéng. Aspék ékspresi 3,04, anu hartina yén siswa dina ngadongéng aspék ékspresina ngaronjat cukup bisa némbongkeun ékspresif dina unggal dialog tokoh dina dongéng. Aspék

gestur kalawan rata-rata 2,64, anu hartina siswa kurang dina nembongkeun gestur nalika nyaritakeun dongéng.

- c. Tina hasil panalungtikan di luhur, uji sifat data dilaksanakeun ngaliwatan uji Sapiro-Wilk, anu meunangkeun hasil data pre-test $0,256 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data pre-test distribusina normal. Tina hasil data post-test meunangkeun hasil data $0,096 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data post-test distribusina normal. Hasil tina uji sipat data yén média Wayang Golék Fabel miboga pangaruh anu signifikan pikeun kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020/2021. Hasilna ngaronjat kalawan signifikan. Rata-rata peunteun pre-test siswa nyaéta 53,92, sedengkeun post-test nuduhkeun rata-rata 70,4. Nilik tina hasil Uji Parametrik T-Test yén hasil nilai pre-test jeung post-test nuduhkeun nilai sig. (2-Tailed) $0,000 < 0,005$ ku kituna H_1 ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina aya bébédaan antara hasil diajar saméméh jeung sabada ngagunakeun média Wayang Golék Fabel. Cindekna yén média Wayang Golék Fabel méré pangaruh anu signifikan jeung éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-7 SMP negeri 11 Depok Taun Ajaran 2020/2021.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil, ieu panalungtikan miboga implikasi yén média Wayang Golék Fabel bisa ditarima ku siswa. Dipiharep kagiatan panalungtikan bisa numuwuhkeun inovasi jeung kreatifitas guru dina méré alternatif média pikeun pangajaran di kelas, ogé bisa ngastimulus siswa sangkan resep ngadongéng. Sok sanaos keur aya dina kaayaan sasalah Covid-19, ieu média bisa jadi salasahiji mangpaat pikeun guru méré pangalaman anyar ka siswa sangkan dina pangajaran dongéng imajinasi siswa bisa leuwih ngaronjat.

Rata-rata siswa di SMP Negeri 11 Depok lain masarakat pituin sunda, antukna loba pasualan anu karandapan pikeun siswa dina ngadongéng. Sacara pelafalan jeung lentong siswa moal sagemblengna bakal sampurna, jadi kudu aya penilaian sacara normative saluyu jeung kamampuh siswa. Sabada média dilarapkeun ka siswa, aya

rangsangan pikeun siswa aya karep pikeun cumarita ngagunakeun basa sunda sok sanaos masih loba kekecapan anu salah. Ku ayana *pre-test* jeung *post-test* bisa ngukur aspék-aspék kamampuh awal jeung ahir siswa jeung ogé jadi bahan évaluasi pangajaran basa Sunda.

Tantangan dina mangsa ayeuna nyaéta kumaha carana ngamumulé budaya sunda. Ku ayana média Wayang Golék Fabel anu kaasup kana média pangajaran anu inovatif tur kreatif, bisa ngarojong kana pelestarian budaya tina hal nu inovasi anu satuluyna bisa nyieun siswa leuwih panasaran kana kabudayaan nusantara kaasup kana Wayang.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan keur kahareupna leuwih hadé tur mibanda kamajuan dina prosés kagiatan pangajaran, diantarana.

- a. Média Wayang Golék Fabel dipiharep jadi alternatif pikeun guru dina nepikeun pangajaran ngadongéng, kudu aya pelatihan atawa workshop MGMP basa Sunda anu dina runtuyan acara diselipkeun kagiatan basa, sastra, seni jeung budaya Sunda hususna pelatihan wayang ka guru basa Sunda.
- b. Ku sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan model ku ambahan anu leuwih lega nyaéta ngagunakeun média ékspérimén murni.